Quand une société glisse, on parle de décadence. Quand une communauté s'étouffe au milieu des autres, on parle de dévitalisation. Quand, par contre, une ville dans une société renferme tous les maux imaginables en se croyant «*modèle* », c'est la force de l'implosion qui rôde dans chaque *molécule* de cette société. Montréal vit à ce rythme-là, au mépris des conséquences.

Violation systémique des droits de minorités, école de viol, victimisation de jeunes et d'adolescents en âge d'espoir, corruption des sports et des arts, convulsion systémique à un haut niveau de la hiérarchie. Irresponsabilité administrative, trucage politique, collusion dans le judiciaire avec assistance de juges en milieu partisan financé. Clan policier dans le système de protection du citoyen où la fabrication de preuve est à des niveaux multiples. Démission de l'institution électorale. Système de paye incontrôlable. Inconscience d'élus, manipulation politique. Relaxation de détenus criminels par faute d'agenda déguisé en délai déraisonnable. Statut autochtone condamné par effet discriminatoire. La liste est encore exhaustive. Peur sur la ville le maire est un démagogue qui veut tout contrôler.

Montréal est-il le reflet du Québec qui, lui, est le reflet du Canada, quand on se fait juge des autres villes, des autres sociétés, des autres pays ? La question est importante : quel est l'élément qui peut servir de détonateur et provoquer cette implosion, tandis que l'on peut prévoir ?

dan@danalbertini.co

Kreyòl

soti nan paj 6

o ki kanpe byen solid sanzatann anyen nan men pitit. Yo toujou vle pou pitit ki sot nan zantray yo jwenn sakilfo pou yo ka kenbe san flechi. An palan de atik Ayiti-Obsèvatè a, mwen te li e m enprime kopi a pou zanmi n yo, kòm ou konnen déjà. N ap fè youn travay de konsyantizasyon pou nou tout pran konsyans.

Wozmon : Se lò k ap sot nan bouch ou, sè m Felisya ! Sa m ka di, sè ke nou pa gen mounn k ap panse. Nou gen youn pakèt zotobre se tèt pa yo ak zanmi yo ke yo konnen. Nan youn sitiyasyon konsa, kijan pou Nòdwès la janm devlope. Distribisyon an pa byen fèt. Pou di w laverite, m poko wè chanjman sa a menm, en-en, sa pa nan nawèl mwen.

Felisya : Wozmon, w ap fè m ri. Pou m byen di, se pa ou m ap ri non. Se jan ou di koze a ki parèt mwen youn ti jan komik ki fè m fè ekla ri sa a. Ou konnen mwen menm avèk ou se marasa. Piske n konn sa n vle, se pou n mete tèt nou ansanm, jan koze a di, pou n mande otorite yo degaje yo pou rebat kat la. Prezidan Jovnèl pa fouti fè travay la pou kont li. Bann bakoulou nan Pòtoprens déjà fè plan pa yo san konsilte kras gouvènman. Ou konn kijan yo boule, si se pa yo menm, anyen pa sipoze mache. Epi se pou pwòp avantaj yo tout plan fèt. Fòk bann reprezantan depatman an pran angajman pou regle zafè depatman an. Se sa ase m ka di.

Jodi a Latibonit alonè anndan Lagranj nan Karavan chanjman an ki demare tout bon vre

Wozmon : Fòk nou bat bravo pou Prezidan Jovnèl Moyiz pou tout angajman li pran sou do l. Kesyon yo ap fèt an gran jan. Nou mèt rete gade, jèfò yo ap fèt pou avyon karavàn nan ateri nan chak depatman depi l pran vòl Premye Me avanyè la a. Sèl sa m ap mande se youn ti pasyans, paske pwovèb la byen di : « *Twò prese pa fè jou louvri.* »

Felisya : Men Wozmon, lè prezidan nou an te kandida li te vizite tout kwen peyi a pou l te wè avèk 2 je l e konstate tout bagay. Li konn tout pwoblèm peyi a. Se rezon sa a ki te fòse l kwè nan solisyon pou penmèt peyi a soti nan sitiyasyon makawon li ye a. Mwen byen kontan se nan Latibonit li kòmanse karavàn lan. Li mete Latibonit alonè pou bon jan travay kòmanse. Bravo, mesyedam ! Pa gen mounn k ap vin pale anpil e di kwak seswa de negatif kont mouvman sa a. Dayè, pandan li te an kanpay, prezidan an te fè pwomès, epi pèsonn pa ka di li pa kòmanse delivre. Natirèlman, toujou gen malonnèt, bann san konprann ki pou di lekontrè.

Wozmon : Mwen dakò avè w 100 pou 100 paske nou tout konn gou bouch nou. Se youn chenn solidarite pou nou fè nan tout depatman yo pou reklame jistis ak reparasyon pou bon jan amelyorasyon. Fò n pwofite de okazyon an pou n fè revandikasyon nou yo pase youn fwa pou tout. Se pa le moman pou n nan lese frape ni nan bay gagann. Sa p ap mennen n okenn kote. Se bravo pou n bat pou prezidan an k ap aji tankou youn dezyèm Dimasè Estime, daprè sa paran n ak zanmi paran nou fè n konnen. Nou pat la nan lane 40 yo, se tou lòt jou nou fèt, men yo di n peyi a te vrèman ap bouje sou tan Estime. Donk, ann mete men pou n bay peyi a bon jan bourad.

Fòk bagay yo chanje nan depatman an

Felisya : Wozmon, tèlman ou te fristre toutalè a, ou menm bliye si n gen etranje ki bezwen enfòmasyon nan men nou konsènen depatman nou an. Ou lage tout nanm ou nan politik nèt ale pou bon jan revandikasyon. Antouka, m kwè zanmi yo dakò ke entèvansyon nou yo pa pou granmesi, n ap mande jistis pou depatman an. Eskize n, zanmi, se pa souvan nou gen chans fè otorite yo tande pwen d vi nou. Ale wè si yo gen zòrèy ! Nou kwè tou ke se youn mwayen pou w aprann e konnen difikilte nou nan zòn bò isit la. N ap mande w fè wout la avè n. Si se politik ase nou met devan tout tan nan sosyete a, nou pa fouti fè bon jan avansman, bagay k ap dire.

Wozmon : Mwen dakò avè w, paske nou dwe fasilite zanmi yo aprann nan men nou pou yo ka gen youn lide de nou menm k ap viv san espwa e san lavni. An tout lojik, bagay yo pa fouti rete jan yo ye a. O-o, olye pou n devlope se anvlope n ap anvlope. A non ! Pou mwen menm, se kòm si yo ta vle pou n swiside tèt nou, olye pou yo ta eseye kreye mwayen pou fè tou sa k bon pou peyi a. Nan zile Ispanyola a, Ayiti se youn ti pla men, men mesye-dam gwo zotobre yo refize jwenn youn solisyon pou retire pèp la nan petren yo ye a. Vrèman, pa gen anpil mounn ki kwè nan avansman peyi ! Se pwofite y ap pwofite de sikonstans pou anrichi tèt yo sou do mas pèp la ki rete dan griyen, nayif nèt al kole. Kòm si yo pa konprann ke gen youn bann anachis ki kontante yo de kraponnen la majorite pandan y ap byen mennen. Wi, sou do pèp la, mwen repete.

Felisya : Apa Wozmon lage l nan fè vè san l pa menm rann li kont de sa. Enhen, kraponnen pou byen mennen ! Woy ! Se pa vè dlo non, ni vè tankou vètè. Men vè pou bon jan pwezi ! Ok, ase ! N ap rantre nan koze enfòmasyon kounnye a.

Depatman Nòdwès, younn nan 10 depatman peyi a, gen sèlman 3 awondisman :

-Mòl Sen Nikola

-Pò-de-Pè ke abitan yo rele « *Pòdpe* »

-Sen Lwi di Nò.

Wozmon : Nan mitan de sen sa yo, Pòdpe jwenn plas li pou l sa jwenn pwoteksyion. Ann fè bagay yo mache nòmalman.

Felisya : Ou menm Wozmon, mounn p ap jwenn bout ou non, paske w toujou vin ak youn pawòl pou w fè mounn ri. Ou menm, Monmon, se komedyen ou ye. Mèsi, papa !

Wozmon : Pa eseye vin fè komik la a pou w fè n bliye sitiyasyon kritik nou non. Ou menm, toutalè konsa ou tonbe piw, epi sa w tande a ou tou paralize. Nan ti moman nou gen pou n viv la, fò nou kapab fè ti plezantri nou, komik sil le fo e menm kamaradri ! Ok. Ann kontinye ak enfòmasyon an.

Depatman Nòdwès la gen youn sipèfisi de de mil san twa (2,103) kilomèt kare e youn popilasyon de senk san senkant mil (550,000) abitan. Kòm chak depatman gen youn chèf lye, sètadi kapital li, chèf lye Nòdwès la se Pòdpe. Kòm nou konnen, se Pasaj Van an ki separe Ayiti ak Kiba. Mòl Sen Nikola nan Nòdwès gen youn gwo enpòtans. Se la Kristòf Kolon te premye poze pye l sou tè peyi Ayiti nan lane 1492. Istwa fè konnen tou ke se menm kote sa a flibistye franse yo te layte kò yo pou yo te fè tout zak malonnèt, tèl ke atake bato panyòl yo ki t ap pase chaje ak lò pral ann Ewòp. Nòdwès se youn richès pou peyi a si nou te konn sa ki bon. Se youn zòn ki te konn founi anpil bannann ak kafe, men nou kite tou sa tonbe. Li pa janm twò ta pou n reprann kap nou, jan pawòl franse a di, *« il n'est jamais trop tard pour bien faire ! »* M konnen gen anpil nan nou ki vle travay latè pou n penmèt depatman an reprann eskanp figi l. Nan 3 awondisman Nòdwès yo nou jwenn 10 komin ki klase konsa :

Awondisman Mòl Sen Nikola avèk 4 komin : Mòl Sen Nikola, Bè-de-Èn, Bonbadopolis ak Jan Rabèl kote ki pwodwi bon klas mazounbèl.

Felisya : Ou pa bezwen di plis, papa. Depi w tande mazounbèl, mouch pa pwoche, paske se youn bagay ou renmen anpil avèk pwa d souch. Mwen te panse ou t ap tou antre sa nan konvèsasyon ou nan. Antouka, nou menm nou pa pwodwi mazounbèl. Si w bezwen, fòk ou debouse, tande ti pap ! Eskize m. Ou mèt kontinye bay detay nan bon ti mamit.

Wozmon : Ou wè Felisya sa a, se youn gate pati. Gade jan l vann mwen bay piblik la. Ala zanmi yo pat konn anyen de jan m renmen mazounbèl ak pwa d souch ki se pwodwi lakay. Si mounn bezwen manje bon pwa d souch se nan Nòdwès pou yo vin achte l. Se pa reklam m ap fè non, men se laverite ke depatman an pwodwi anpil pwa d souch. Se pa mwen ki di non, se Ministè Agrikilti ki te fè deklarasyon an baze sou etid li te fè nan depatman nan lane 2014. Anpil pwa d souch te pouse nan tout zòn Nòdwès la epi te gen bon jan rekòt jouk jounen jodi a. Mwen pa gen pou m wont paske tout moun gen preferans yo. Si m ta vle, Felisya, mwen ta ka vann ou tou. M sere sa pou pita.

Felisya : Wi, konpè. Pa di m ou pral fòje youn manti non ! Pa bliye sa pawòl la di : *« Twou manti pa fon.* » Kòm se komedyen ou ye, talè wa taye youn bonnèt pou mete nan tèt mwen. Ale wè si l ap bon pou mwen ! Antouka, gade youn enfòmasyon ou lage la a ke n te ka byen bliye. Ou pa manti vye frè, kòm se verite w ap blayi, Wozmon, fè kesyon yo mache non.

Wozmon : Nan enfòmasyon nou gen pou n bay, n ap fè zanmi an konnen nou pa youn save pou n ta kenbe tout bagay nan tèt nou. An plis de obsèvasyon, nou te etidye tou. Ok ?

Awondisman Pòdpe gen 4 komin tou : Pòdpe, Basen Ble, Chansòm ak Latòti. Tandiske Awondisman Sen Lwi di Nò gen sèlman 2 komin : Sen Lwi di Nò ak Ansafolè.

Felisya : Nou gen youn depatman k ap gaspiye paske l meprize nan tout sans. Nou pa gen kouran ki se youn nesesite. Prezidan Jovnèl Moyiz te fè pwomès pou l bay tout peyi a limyè. Nou pa twò prese non, paske l fèk fòme gouvènman an ak Premye Minis Gi Jak Lafontan ki la pou ede l ak tout peyi a. Nou pa gen rezon pou n kòmanse ap egzije fè sesi, fè sela. Nou menm nan Depatman Nòdwès, nou trè konsyan e nou konprann lè youn mounn vle travay pou l reyalize sa k bon. Se pou nou tout sonje ke te gen youn gouvènman pwovizwa tout lane pase a ki te fin souse trezò peyi a nan fè gagòt ak distribye lajan ki pa rete ak kòb bay zanmi. San pale de pi gwo gagòt ki te fèt sou gouvènman ki te la anvan l nan. Se youn bann malonnèt ki t ap dirije peyi a. N espere sovè sa a ke Bondye voye pou nou an pral fè travay li jan sa dwa. Si sa fèt, pèsonn p ap ka fouti touche l.

Wozmon : Mwen dakò avè w. Na sonje trè byen ke kou Privè te monte se te « *la chasse aux sorcières* » kòm yo di nan lang franse a. Se te « *RR* » (Revoke/ Ranplase). Nan mwens de youn mwa se te youn netwayaj prèske total kapital li te fè dekwa pou l te reyalize zafè pa l nan anmègde anplwaye. Brid sou kou, li te kouri di pat gen kòb nan kès Leta. Men tou, Minis Finans la, Msye Wilsonn Lalo, te demanti l. Privè te monte ak youn ekip atoufè ki te kreye panik, epi li te pwolonje jou ki te fikse pou l te òganize eleksyon yo. Si eleksyon 25 oktòb 2015 lan te bon pou majistra, depite ak senatè, pa gen rezon pou yo te anile pa prezidan an. Yo te vle mete kandida Jovnèl Moyiz deyò nan kous la. Men, gen youn Granmèt pou pare move kou pou inosan. Se konsa, Kandida Jovnèl Moyiz te fè dekabès nan eleksyon 20 novanm 2016 la pou l vin 58yèm prezidan peyi a. Alò, nou kapab di ke mechan pa gen pouvwa sou pitit Bondye. Anfèt, se pawòl Levanjil la ki di sa byen : *« Le méchant fait une œuvre qui le trompe ! »*

Felisya : Alelouya ! Beniswa Letènèl ! Nou sèten ke Prezidan Moyiz ak Premye Minis Lafontan ap panche sou sitiyasyon Depatman Nòdwès la. Menm kwè ke Premye Minis la te fè youn remak an palan de mizè ki frape popilasyon an. Epi Senatè Kedlè Ogisten, li-menm, te deklare nan mitan Lasanble a ke Nòdwès pa nan mizè rèd jan Premye Minis Lafontan te fè konprann nan. Kanmenm, Nòdwès bezwen asistans nan tout sans paske bagay yo toujou rete menm jan. Non, bagay yo pa nan plas yo menm.

Se pou otorite ki eli

Ale na paj 14

DE BROSSE& STUDLEY, LLP

Richard A. De Brosse

Attorney at Law

ACCIDENTS * REAL ESTATE
MALPRACTICE

182-38 Hillside Avenue **(Suite 103)**
Jamaica Estate, N.Y. 11432

Tel.: 718-658-3000. Fax 658-658-3187

rdebrosse@QueensLegalPlaza.com

Journal 3- 10 mai 2017:HO 5/2/17 2:37 AM Page 13



Journal 3- 10 mai 2017:HO 5/2/17 2:37 AM Page 14

Kreyòl

soti nan paj 12

nan depatman an bay bon rannman

Wozmon : Konstitisyon peyi Dayiti bay tout depatman yo chans pou yo eli mounn ki pou reprezante yo nan administrasyon piblik la, dekwa pou ka gen bon fonksyònman nan devlòpman peyi a. Se nan sans sa a li egzije tout sitwayen ki gen laj pou vote pou yo patisipe nan eleksyon pou penmèt chak mounn vote kandida ki prezante youn bon pwogram. Fòk nou pa bliye ke te gen 2 eleksyon ki te tounen youn tèt chaje pou popilasyon an ki te soti pou fè chwa yo, men ki te retwouve yo makonnen nan chantaj. Politisyen sa yo fò nan fè dilatwa pou yo ka vin milyonnè nan 2 tan 3 mouvman.

Felisya : Jodi a nou gen anpil otorite ki reprezante nou nan palman an kòm senatè :

*Senatè Onondye Lwi ki te eli 25 Oktòb 2015 pou l fini tèm li nan lane 2022. Nou konnen ke senatè nou an ap degaje l trè byen pou penmèt Nòdwès la reprann prestij li e patisipe nan tout mouvman pou devlòpman.

*Senatè Evalyè Boplan te anndan an déjà e l reeli 25 Oktòb 2015 pou youn peryòd de 5 an ki pral fini nan lane 2020. Li retounen pou l ede Nòdwès, pa pou bwouye kat yo. Kounnye a li pral pwouve ke plas li nan Sena a se kòm reprezantan popilasyon an. Se pou n fè tout eli yo konnen ke n ap swiv yo, paske se nou ki chwazi yo, se pa pati politik. Nou konprann ke yo dwe fè favè pou pati yo. Men se sitou popilasyon an ki bezwen debouche pou l ka viv nan la diyite. Pinga w fè popilasyon an wont. Pa bliye yo te fè rara pou ou, konpoze bèl mizik pou ou tou.

*Senatè Kedlè Ogisten, ou te eli 29 Janvye 2017 e w antre nan palman an le 14 fevriye ki sot pase a pou w kòmanse travay ou pou youn peryòd de 3 zan. Kivedi manda w ap bout nan lane 2020. Nou konnen devouman w pou Nòdwès la ke w renmen anpil. Nou konnen tou jan ou renmen depatman an e ke w ka sakrifye lavi w pou li. N espere ke w pral chache tout avantaj nan palman an pou depatman an pa gen ratman. Nou 3 senatè yo reprezante 3 wòch dife pou depatman an pou penmèt nou monte chodyè a. Alò, kòm nou tout konnen, popilasyon an konte sou nou pou kesyon yo ka fèt san pwoblèm, nan bon jan tèt ansanm.

Wozmon : Depatman Nòdwès gen 9 depite nan Chanm bas la pou ede rezoud pwoblèm popilasyon an. Pa gen mwayen pou yo lage nan fè egoyis ki pa janm regle anyen. Menm si nou tout eli nan diferan awondisman ak komin, fò n byen sonje ke nou sot nan menm depatman e nou dwe fè youn sèl pou sove Nòdwès. Sa w di nan sa, Sya ?

Felicia : Nou tout nan rejyon an dwe pote kole pou n reyalize tou sa nou vle. Nou pa gen tan pou n pèdi paske nou déjà gaspiye kont tan san regle anyen de bon. Antouka, nou kwè 9 depite nou yo pral fè tou sa ki nan pouvwa yo pou remete Nòdwès kanpe djanm.

*Depite Astèn Jan nan zile Latòti, 4yèm sikonskripsyon Pòdpe, n ap tann pou w ban nou prèv kijan w ap kòmanse fè aksyon nan enterè tout popilasyon an.

*Depite Lwi Mari Bonòm nan Ansafolè, nou konnen w ap travay pou penmèt Nòdwès reprann valè l.

*Depite Dipas Iv nan Mòl Sen Nikola, premye sikonstriksyon, nou konnen li gen youn misyon pou l ranpli pandan li anndan palman an pou l regle zafè tout depatman an.

*Depite Florestal Jan Mari nan Pòdpe, premye sikonskripsyon, pa ale nan Chanm nan pou l al kale wès. Li gen obligasyon pou l ede depatman an.

*Depite Jozèf Fis, nan Chansòm, dezyèm sikonstriksyon, gen pou devwa chache tou sa k bon pou depatman an.

*Depite Moransi Fred nan Sen Lwi di Nò gen pou misyon ede tout depatman an ki bezwen anpil asistans.

*Depite Moyiz Jan Michèl nan Bonbadopolis ak Bè-de-En nan dezyèm sikonskripsyon Mòl Sen Nikola, kòm younn nan pitit pèp la, pa desann nan palman an pou l al kale wès. Li deside pou l chache tou sa k bon pou Nòdwès.

*Depite Sen Fò Deni nan Basen Ble, anba syèl ble a, ap fè tou sa k bon pou penmèt Nòdwès reprann eskanp figi l nan tout deklarasyon l yo. Pa dwe gen lesefrape, paske nou tout fè pati youn sèl depatman.

An nou eseye fè jefò pou n kenbe richès nou yo

Wozmon : Kote m ap pale la a, se avèk anpil endiyasyon ak tristès, paske m konstate ke otorite nan peyi m pa kreye mwayen pou konsève tout trezò nou yo ke yo kite disparèt osnon ap depafini an plas. Nou gen anpil bitasyon ak batiman istorik ke nou ta dwe pwoteje pou mennen touris e mete lajan nan kès peyi a si nou te pran konsyans. Bagay yo gravman grav. Sa fè m mal pou m wè Mòl Sen Nikola ap depafini konsa. Youn andwa ki te sipoze youn zòn pou touris vin vizite, nou kite l fin delabre, depafini nèt.

Felisya : Mwen konprann ou, vye frè. Se menm doulè a k ap rache kè m tou paske dirijan nou yo ak tout kò yo ki fòme pou dirije pa konnen *« le goût du beau »*. Sa fè mal pou se nan eta sa a pou Mòl la ye. Mwen pa kwè yo sonje ke se la Kristòf Kolon te plante kwa li le 5 desanm 1492 nan tan endyen yo, e l te bay bèl be a non Sen Nikola paske dat 5 desanm nan se te jou fèt sen Katolik ki gen non sa a. Avèk dat sa a sèlman nou gen youn istwa ak youn zòn pou touris ta vizite si nou te kwè nan vrè valè. Menm si nou pa ka kenbe tout bagay yo, omwens, nou te dwe pwoteje anpil nan richès peyi a. Gen youn fò ki rele Lafalèz nan Mòl Sen Nikola ke nou te dwe pwoteje menm si l pa ka itilize ankò. Gen youn ti kay ki te sanble kote mounn yo te konn al pran ti detant yo, enben kay sa a pa vo anyen ankò. Se kabrit ak lòt bèt, menm zwazo ki okipe espas sa yo. Non, se pa serye pou nou rete ap betize depi 213 lane. Sa n ap tann pou n rele sou kò nou ? Nan betize konsa, n ap tou fouti.

Wozmon : Lè w ap gade bagay yo, ou santi w rayi tèt ou, paske nou gen mwayen pou n ta konsève bèl trezòki disparèt pou letènite. M ap gade youn travès, sètadi youn baraj pou te anpeche mounn vyole espas yo ki toujou rete byeb djam. Mòl la twouve l anfas Kiba, sètadi pi pre Kiba pase Pòtoprens. Gen youn plaj se wololoy ! Epi dlo a pwòp e byen fre, se youn ti paradi sou latè. Kant a pou sab la, sa ba w anviv viv. Jouk kounnye a se youn plas ki trè atiran, kit pou touris peyi ak touris etranje. Se pa otorite ase m ap blame non. Paske gen anpil nan nou ki gen mwayen pou n ta okipe zòn nan pou ba l valè. Epi pandan sa ap fèt se lajan l ap met nan pòch nou ak manje nan asyèt nou. Afòs nou manke vizyon, nou vin avèg, 2 je pete klere.

Felisya : Dòdinè, la plipa Ayisyen pè envesti, paske yo bezwen manje tou kwit. Men biznis pa janm fèt konsa. Fòk ou reziyen w pran baf anvan ou ka reyisi. Nou pa dwe kontinye ap kite se etranje k ap vin fè pou nou. Nou nan youn epòk sivilizasyon kote nou gen tou sa nou bezwen pou n fonksyonnen kòm sa dwa. Mezanmi, bèl palmis nan zòn nan bay a reflechi. Se youn kote ki vrèman pwòp. Men akòz lamizè pa gen twòp atraksyon. Mwen kwè si Ayisyen mete tèt yo ansanm pou devlòpman peyi a, nou ka reyalize anpil bèl bagay. Mòl Sen Nikola fèt pou deklare zòn estratejik pou devlopman. Mwen kwè si gouvènman panche sou kesyon Mòl la, anpil bagay ka regle. Se pou wout yo rekonstwi, se pou n repare fò a avèk tout ozalantou l. Zòn nan byen bèl, ak tout klas pye bwa epi gazon vèt. Sèl sa n bezwen se youn bon jan netwayaj. Se menm bagay tou pou Valyè e latriye.

Wozmon : Ayiti bezwen konkou nou tout pou penmèt li reprann eskanp figi l. Peyi a gen youn bote natirèl, fòmidab ! Mwen pa janm tande kote Ayisyen chita ap pale de Fò Lafalèz ki se youn richès pou peyi a nan domèn touris. An plis tout bon bagay nan zòn nan, se kote yo kilitive bon zannana ki dous tankou siwo.

Felisya : M te konnen ou t ap vin ak sa, paske nan koze manje ou se chanpyon. Ou p ap pale san ou pa di youn bagay sou yon fri oubyen lòt bagay ki gen rapò ak manje. Mwen ba w rezon, Wozmon, mounn yo kiltive anpil zananna. Wi, gen anpil bon bagay nan zòn sa a. Nou pa dwe kite majistra yo san nou pa ankouraje yo pou yo pèsevere pou bay Nòdwès youn bèl figi. Wozmon, mwen kwè ou ka konn non majistra yo, paske w se youn Grenn Pwonmennen chache konnen !

Wozmon : Men wi, m ap fouye toupatou pou m penmèt Nòdwès reprann pozisyon l. Nou gen mounn, nou gen solèy, nou gen dlo, epi nou gen tè a tou, kòm prezidan an abitye di. Donk, nou pa ka rete nan sitiyasyon malouk sa a. A non, se pa posib ! Majistra yo dwe fè youn jan pou mete tèt ansanm pou refè depatman an.

Msye Jozye Alisma nan Pòdpe, Jozmàn Liben nan Latòti, Antoni Maniga nan Basen Ble, Od Mètil nan Chansòm, Bèno Valsen nan Ansafolè, Aliska Jan-Lwi nan Bonbapolis, popilasyon an bezwen konkou nou. Epi gen Estima Gaston nan Sen Lwi di Nò ak Jozèf Ilès nan Bè-de-En. Nou tout dwe fè youn sèl pou ede depatman an, san okenn rivalite, eksepte rivalite pou n fè sa ki byen, paske nou tout se menm fanmi an. Si m bliye youn majistra, m déjà mande padon.

Felisya : Nou vle kwè majistra yo pral travay ak depite, senatè, kazèk ak azèk pou penmèt gen youn distribisyon egal-ego pou tout awondisman yo, ki pral penmèt travay la rantab pou depatman an. Yo dwe travay ak Delege Owèl Teòk, ki reprezante prezidan an. Mwen kwè si gen devouman, san anbisyon pèsonèl, devlòpman an ap youn siksè pou nou tout.

Wozmon : Felisya, n ap blije kanpe la wi, paske fòk ekip bon volonte a deplase pou al nan Nòdès pou yo kontinye pelerinaj enfòmsyon an k ap bon pou nou tout. Mwen kwè se youn dosye k ap itil tout sitwayen ak sitwayèn nan peyi a. Nou bezwen mounn tankou yo k ap fè youn kokenne travay pou enfòme tout mounn alawonn-badè.

Jan Bèbè

3 me 2017

Journal 3- 10 mai 2017:HO 5/2/17 2:37 AM Page 15

BLANCHIMENT D'ARGENT ET FINANCEMENT DU TERRORISME

À QUELQUES SEMAINES D'UNE DÉCISION DU GAFIC

Rumeur de banques haïtiennes en faillite

Suite de la page 1

neux, ne désirant pas que leurs comptes soient associés à des institutions soupçonnées de «*mauvaises pratiques bancaires* ».

Selon une source bancaire autorisée, un des hommes d'affaires les mieux côtés financièrement du pays aurait décidé de cesser de faire des affaires avec une des banques les plus importantes d'Haïti. Joignant le geste à la parole, il aurait tout bonnement fermé ses comptes à la banque en question.

Cette même source a précisé que le client, qui avait ses compte en résidence à cette institution depuis plus d'une vingtaine d'années, aurait fait virer plus de USD 5 millions $ sur un autre compte qu'il possède à l'étranger. Tout en indiquant qu'il ignorait les motifs de cette décision, l'informateur a expliqué que le client en question aurait agi sur la recommandation de certains de ses amis étrangers ayant exprimé des inquiétudes concernant la décision éventuelle du GAFIC relative aux banques haïtiennes. Car menacé de sanctions par l'institution de contrôle des banques de la région, lors d'une précédente réunion, il y a quelques mois, le système bancaire haïtien avait alors bénéficié d'un sursis. À condition, bien sûr, que les autorités haïtiennes prennent des dispositions en vue de se mettre en règle avec le GAFIC. Mais en dépit de l'urgence, les dirigeants haïtiens n'ont pas jugé nécessaire d'aller vite en besogne et de créer les conditions qui porteraient les décideurs de l'institution caribéenne de prendre une décision favorable aux banques haïtiennes. De toute évidence, la condition de la plus haute autorité du pays ayant sur la tête une inculpation criminelle pour blanchiment d'argent n'est pas vu de bon œil par les gens du GAFIC. Pour des observateurs, qui passent pour des autorités dans les affaires bancaires, les démêlés du président Jovenel Moïse avec l'-Unité centrale de référence fiscale (UCREF) pèseront lourd dans la balance au moment où l'institution de contrôle des banques de la région devra prendre sa décision sur Haïti.

Haïti laisse traîner les choses

Pour plusieurs observateurs, dans le cas d'un pays comme Haïti, qui est comme placé sous surveillance par le GAFIC, les dirigeants agissent avec légèreté, donnant l'impression qu'ils entendent faire à leur guise et affichant très peu de volonté de collaborer dans la lutte contre le blanchiment d'argent et le financement du terrorisme. Si après des années, que la prochaine réunion du GAFIC doit se tenir pratiquement dans trois semaines, et que les décideurs d'Haïti n'ont pas aidé à l'évolution de la situation, c'est un cas extrêmement grave. Une telle attitude est considérée comme si les responsables haïtiens font la nique au GAFIC. Cela en a tout l'air, considérant la désinvolture avec laquelle les institutions haïtiennes traitent la question de la mise en règle du pays avec les règlements sur le blanchiment des avoirs et le financement du terrorisme.

Sans nul doute, les leaders du GAFIC suivent de près l'évolution des choses en Haïti, particulièrement la partition que doit jouer le Parlement par rapport aux lois prévues pour être votées. En tout cas, deux institutions haïtiennes ayant une réputation de proximité avec le monde interlope, notamment les trafiquants de drogue, le Sénat et la Chambre des députés font l'objet d'une étroite surveillance de la part de l'institution antillaise.

Pour mieux apprécier l'attitude du Parlement haïtien, eu égard à la priorité à accorder au vote de la loi organique de l'UCREF, il suffit de se rappeler que cette législation a été votée par le Sénat depuis le 28 septembre 2016. Elle continue de moisir dans les tiroirs, attendant que les députés décident d'entériner la version votée par le Grand Corps.

Carl Braun, président du Conseil d'administration de la UNIGANK, la plus grande d'Haiti.

Sans nul doute, les diplomates étrangers en poste en Haïti observent ce dossier avec intérêt, principalement la manière dont la justice haïtienne gère l'affaire Jovenel Moïse-UCREF se trouvant devant le juge instructeur Brédy Fabien depuis le mois de septembre 2016. Le dossier fait l'objet de l'attention soutenue du monde diplomatique guettant les moindres gestes des autorités judiciaires haïtiennes qui ont la mauvaise réputation de blanchir des « *chefs* » accusés de crime.

Pour plusieurs diplomates étrangers, la mise en quarantaine de la loi organique de l'UCREF à la Chambre basse est loin d'être un hasard. Ils pensent que, piloté par le président de cette institution, le député Chozler Chancy, elle ne saurait avancer parce que ce dernier n'a aucun intérêt à ce que cette législation entre en vigueur. Aux yeux de plusieurs diplomates, M. Chancy n'est pas au-dessus de tout soupçon, eu égard aux activités illicites. Ces derniers attirent l'attention sur l'auberge du président de la Chambre basse dont le coût de la construction serait évalué à USD 5 millions $. On ne cesse de poser des questions sur l'origine des fonds qui ont été utilisés pour le financement d'un tel complexe balnéaire.

Les banques haïtiennes et le blanchiment

Dans les milieux bancaires internationaux, les institutions haïtiennes sont mal vues, soupçonnées d'avoir violé les dispositions sur les dépôts de l'argent sale, elles ont été menacées de sanctions. Bien qu'elles soient l'objet d'une considération spéciale, certaines d'entre elles ont été supprimées par leurs correspondantes américaines avant même le verdict du GAFIC.

De l'avis de plusieurs observateurs, cette décisions se justifie par le fait que les banques haïtiennes ont la réputation d'héberger des fonds d'origine douteuse, sinon des recettes provenant du trafic de stupéfiants. Au point qu'on laisse croire que, parmi les institutions bancaires haïtiennes, il y en a qui possèdent des dizaines de millions en devises sales stockées dans leurs coffres-forts. On prétend que si elles évitent de déposer ces fonds, pour éviter d'éveiller l'attention des « *gardiens* », elles parviennent, de temps à autres, à effecteur des transactions suspectes.

Au moins deux personnalités évoluant dans le monde bancaire ont affirmé qu'il existe des membres du système bancaire haïtien qui se livrent à des opérations illégales se rattachant au blanchiment des avoirs. Selon eux, une ou deux institutions bancaires du pays ont mené des opérations de «*transferts clandestins* » de fonds pour le compte de clients liés aux activités illicites. Ils laissent croire encore que les demandeurs de telles opérations payent des montants élevés sous forme de commissions à ces banques.

Dans cet environnement peuplé de « *coquins* » qu'opèrent certaines banques de la place, il y a fort à parier que des mesures drastiques seront prises contre certaines d'entre elles. Surtout qu'il y a parmi les opérateurs de banques en Haïti des individus identifiés comme ayant des relations avec des milieux et des personnes jugés à risque pour la sécurité des États-Unis. Pourtant ces banquiers n'ont pas eu froid aux yeux pour mener de telles opérations, ayant décidé d'encaisser les juteuses commissions que celles-ci rapportent.

Pour revenir à cette banque, qu'on prétend être en faillite, mais dont l'identité reste un mystère, un ancien banquier haïtien a ajouté que les comptes que cet hommes d'affaires a fermés représentaient le montant le plus élevé déposé à cette institution, montant qui paralysera totalement les opérations de celle-ci. Parce que, a-t-il souligné encore, la banque en question pourra difficilement naviguer dans le monde bancaire avec tous ces millions contenu dans le pool d'argent sale. Attendons pour voir !

L.J.

Journal 3- 10 mai 2017:HO 5/2/17 2:37 AM Page 16

ARTS & SPECTACLES

Le conflit entre Arly Larivière de Nu Look et Richie du groupe Klass: Une situation de tension inespérée

Par Robert Noël

Un conflit est toujours lié à une cause créant une certaine manifestation d'hostilité. Souvent, il provoque une certaine rigidité sur les principes gouvernant les intérêts personnels ou ceux d'une collectivité. Cependant, il existe des solutions viables et fiables pour gérer une situation de conflit et trouver un terrain d'entente. Parmi les plus connues, on peut citer le dialogue franc entre les parties concernées. Aujourd'hui, on vit une situation de tension entre Arly Larivière de Nu Look et Richie du groupe Klass. Ce conflit semble prendre une disproportion qui interpelle bon nombre de gens.



Maestro Arly Lariviere de Nu Look

Richie et Arly .

Les conséquences et les séquelles de la double affiche Klass/ Nu Look au club Amazura

Les deux protagonistes ont choisi les médias pour déballer leurs problèmes aux yeux du grand public. Ainsi, ils ont créé un conflit qui étonne plus d'un. D'après certaines gens, cela a commencé après la rencontre de ces deux groupes au club Amazura, à Queens, New York, le vendredi 29 août 2014. Il existe une part de vérité dans cette affaire, puisque Richie et Arly s'étaient entendus pour qu'ait lieu une deuxième affiche similaire. Il semblerait que le maestro de Nu Look n'ait pas tenu sa promesse, d'après Richie qui croit que « *pwomès se dèt* ».

Il y a un fait que Richie semble ignorer. Nu Look a profité de cette occasion pour se replacer sur l'échiquier musical konpa dirèk. À l'époque, cette formation musicale se trouvait dans une situation compliquée, où sa valeur marchande avait considérablement chuté. On pouvait, à priori, prévoir qu'Arly n'accepterait pas une deuxième rencontre. Nous l'avions signalé dans un article. Il a joué au malin, tout en leurrant le maestro de Klass d'un faux espoir, si l'on fait fi des déclarations de Richie. Arly s'est peut-être dit : «*Atansyon pa kapon* ». Il ne voulait pas perdre son nouvel acquis aussi vite. Un fait qu'on juge normal, quand on considère la rigidité des épreuves qu'avait subies Nu Look en cette période difficile.

Richie devrait s'attendre à un tel comportement de la part de son alter ego. Des fois, l'on se demande si l'attitude qu'Arly a adoptée ne serait celle qu'aurait aussi choisie Klass s'il se trouvait dans la même situation que Nu Look, lors. Arly a publiquement confirmé qu'il ne veut plus jouer en tandem avec Klass et qu'aucun promoteur ne peut lui faire changer d'avis. Une telle déclaration a été faite après que Richie eut partagé sa volonté de mettre en place une association de musiciens haïtiens. Il avait invité Arly à ce projet. Ce dernier a apporté plus de précision à ce sujet, faisant croire que Richie voulait créer un consortium qu'il allait baptiser du nom de « *Les leaders de l'industrie de la musique haïtienne* ». Ce titre résonne un peu fort puisqu'il n'y a pas que le konpa dirèk comme musique haïtienne.

Les deux maestros Richie et Arly.

À qui profite le conflit entre Arly et Richie ?

Le maestro de Nu Look n'ignore pas le fait que Richie l'ait contacté au sujet d'un tel projet *« Les leaders de HMI* ». Il donnait l'impression qu'il roulait l'autre maestro dans la farine pour bien le mariner. Pourtant, d'après Richie, Arly lui avait envoyé des messages-textes qu'il avait ignorés, parce qu'il a finalement compris que celui-ci jouait à la comédie. Arly a fait tout un étalage au sujet d'une telle proposition, disant que Gazzman et Pipo sont aussi des leaders de cette industrie. Il a fait montre du respect du talent et de la valeur musicale de Richie.

Il a aussi parlé de la participation de Klass au concert « *La nuit du kompa* », à Bercy/Paris, le samedi 8 avril 2017. De façon ironique, il a déclaré qu'on lui a appris que certains groupes n'ont pas été à la hauteur des espérances à ce concert. « *Yo te mal pase nan konsè a* », dit-il. Il laisse l'impression qu'il n'avait pas suivi un tel événement et qu'on lui a rapporté tous les faits. On lui a fait parvenir la vidéo du concert, puis « *Yo dil* », explique t-il. Il a même signalé que son estime pour Richie reste inchangé. Il avance qu'on ne se réjouit pas du malheur des autres. Voilà où l'hypocrisie se manifeste. Dans ce cas on peut dire que les paroles de la chanson « *Nu Look's Time* » s'adressent directement à Richie. Dans cette chanson, Arly met l'accent encore sur l'événement qui s'était déroulé à Amazura et répète avec assurance dans ce morceau cette plaisanterie de mauvais goût aux musiciens susceptibles de Klass : « *Ti bagay Amazura a ap rete pou lontan* ».

Richie et Arly.

Jean Herard Richard Richie maestro du groupe Klass .

Arly s'est évadé un peu pour taquiner Gazzman, lui demandant de ne plus circuler avec la ceinture de champion faite de plastique. Il a continué pour dire que la soirée du samedi 15 avril 2017, qui a eu lieu à Amazura entre Klass et Disip, a été plutôt la rencontre des perdants, insinuant que Nu Look a eu raison de ces deux groupes à ce même club. Il ajoute que Nu Look les a battus au point de ronflement. Pourtant, il n'écarte pas la possibilité d'une double affiche avec Disip dans le futur. Gazzman n'a rien à voir dans ce litige mettant en face Arly et Richie. Cependant, il bénéficie de la situation de tension pour jouir de

Suite en page 7